



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOGRÈ POU AVANSE EKITE NAN KANABIS

*Yo chwazi yon ekip investisman ki dirije pa yon minorite pou jere 200 milyon dola pou sipòte ekite sosyal nan endistri kanabis la*

*Antite ki dirije pa NBA Hall of Famer Chris Webber, antreprenè remakab Lavetta Willis, lidè finansye Suzanne Shank, ak ansyen kontwolè vil William Thompson*

*Gouvènè a anonse tou nominasyon Konsèy Konsiltatif Kanabis New York la ki pral debouse sibvansyon kominotè, sipòte devlopman mache kanabis New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwochen etap pou avanse ekite nan endistri kanabis k ap grandi nan New York la. Anons jodi a gen ladan seleksyon Social Equity Impact Ventures, LLC, ki se yon premye ekip investisman ki dirije pa yon minorite, pou patwone ak jere Fon Investisman Kanabis pou Ekite Sosyal (Social Equity Cannabis Investment Fund) New York la ki evalye a 200 milyon dola. Impact Ventures se yon antrepriz konjwen ant yon antite ki te dirije pa NBA Hall of Famer ak antreprenè Chris Webber, ki se kounye a se yon patnè aktif nan yon fon pou antrepriz ki gen rapò ak kanabis, ak antreprenè Lavetta Willis, yon patnè tou nan antrepriz ki gen rapò ak kanabis la ki gen anpil eksperyans nan konstriksyon mak; ak yon konpayi ki afilye ak Siebert Williams Shank, youn nan konpayi bank investisman prensipal ki posede pa minorite ak fanm nan peyi a, ki pral dirije pa PDG SWS Suzanne Shank ak Direktè Administratif an Chèf SWS la ki se William Thompson, ansyen Kontwolè Vil New York la.

"Jodi a, New York fè yon etap enpòtan nan kreye travay ak opòtinite pou sila yo ki, istorikman, ke yo te vize yon fason ki pa pwopòsyonèl pou enfraksyon Kanabis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kreye yon nouvo endistri nan New York, mwen fyè pou m wè pwogrè reyèl nan abòde bezwen ekonomik fiti antreprenè nou yo."

Gouvènè Hochul te anonse tou nominasyon nouvo manm nan Konsèy Konsiltatif Kanabis New York la, ki pral sèvi ansanm ak Biwo Jesyon Kanabis la pou etabli yon endistri Kanabis legal ekitab ak enklizif nan New York.

"Se responsabilite nou pou nou kreye yon endistri Kanabis ki sosyalman responsab isit la nan Eta New York ki asire djòb ak opòtinite pou minorite yo ki depi lontan te sibi aplikasyon lalwa ki enjis nan sa ki gen pou wè ak itilizasyon Kanabis", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Anons jodi a pral ede asire ke New York kreye yon endistri Kanabis ki jis ak enklizif ak mezi aplikasyon lalwa ki ekitab ki ofri opòtinite egal pou moun koulè yo."

**Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Mwen te nonmen Ebro Darden, Alex Alvarez, ak Nikki Kateman avèk fyète ak konfyans nan Konsèy Konsiltatif Kanabis la. Mwen remèsye yo paske yo te entèvni nan opòtinite istorik sa a epi paske yo angaje yo nan responsablite pozisyon sa yo. Divès orijin ak eksperyans yo ap ede asire Eta New York gen yon mache marigwana ki jis ak ekitab pou itilizasyon adilt. Mwen pa ka tann travay pa yo."

**Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare,** "Lè nou te adopte MRTA a epi legalize itilizasyon marigwana pou adilt, li te enpòtan pou nou fè li nan yon fason ki pa te kite dèyè kominote ki istorikman te devaste pa lwa sou dwòg eta ak federal yo. Konsèy Konsiltatif Kanabis la se yon pati enpòtan nan fè sa vin yon reyalite pou lavni. Mwen fyè pou m nonmen The Arthur A. Duncan II, Chandra Redfern ak Armando Rosado nan konsèy la, epi mwen espere wè yo sèvi ak ekspètiz yo pou kreye yon pwosesis sibvansyon ki pral re-envesti nan kominote nou yo ak nan pwogram ki pral amelyore lavi Nouyòkè yo".

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Pandan twò lontan, kominote koulè yo te sib politik jistis kriminel diskriminatwa epi yo te soufri konsekans grav pou posesyon ti kantite marigwana, alòske yo te pa janm arete oswa akize lòt moun. Kòlèg mwen yo ak mwen te trè delibere nan redaksyon lejislasyon an pou pèmèt moun ki pi enpakte yo gen yon opòtinite pou patisipe nan nouvo endistri sa a. Aksè ak kapital se yon obstak pou moun ki afekte yo pou yo reyalize rèv sa a. Mwen kontan anpil pou gen pwofesyonèl tankou Webber ak Siebert k ap ede Eta a fè rèv sa yo vin yon reyalite."

**Prezidan DASNY an, Reuben McDaniel III, te deklare,** "New York kanpe poukont li nan abòde baryè kle pou jwenn aksè ak kapital ak mache ki te frennen minorite, fanm ak antreprenè ki te enplike nan jistis sosyal nan tout lòt eta nan nasyon an. Mwen fyè de wòl DASNY nan yon pwogram ki pral ede konstwi richès jenerasyonèl ke twòp nan sitwayen nou yo pa rive atenn, epi ki pral reyisi kreye ekite sosyal lè anpil pwogram nan lòt eta yo te echwe."

### ***Fon Investisman nan Kanabis pou Ekite Sosyal la***

Fon Investisman nan Kanabis pou Ekite Sosyal la, ke yo te otorize nan kad Bidjè 2022-2023 pa Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la, se yon patenarya limite piblik-prive ki pral fòme pou pozisyon antreprenè ekite sosyal yo pou yo reyisi nan nouvo endistri ki fèk kreye pou itilizasyon adilt New York la. Li pral pèmèt eta a investi nan yon fon prive pou finanse lokasyon ak ekipe jiska 150 dispansè ki vann an detay pou

itilizasyon adilt kondisyonèl yo nan Eta New York ki dwe opere pa moun ki te afekte pa aplikasyon lalwa sou marigwana yon fason ki pa ekitab. Li se premye konsa nan peyi an

Fon an pral ede moun ki gen yon Lisans Dispansè pou Vann an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl (Conditional Adult Use Retail Dispensary, CAURD) fè fas ak depans pou etabli dispansè pou vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt, ki gen ladan idantifikasyon ak lokasyon lokal ki vann an detay ki apwopriye ak konsepsyon, konstriksyon ak amenajman espas yo. Li sipòte jiska 50 milyon dola nan frè lisans ak revni ki soti nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt yo ak jiska 150 milyon dola ki soti nan sektè prive a ki pral ranmase pa direktè fon an.

Nan mwa me 2022, Otorite Dòtwa pou Eta New York (Dormitory Authority for the State of New York, DASNY) te fè yon demann pou pwopozisyon k ap chèche yon direktè fon pou patwone ak jere fon 200 milyon dola a.

**Fondatè NBA All-Star ak Webber Wellness la, Chris Webber, te deklare,** "Mwen trè onore pou m travay avèk onorab ofisyèl New York yo pou m korije mal yo pou moun ki te viktim yon fason enjis pa politik kanabis demode yo. Apwòch reflechi ak enklizif New York pou etabli ekite nan espas kanabis la ak kreye opòtinite pou moun ki afekte nan Lagè kont Dwòg la vrèman san parèy. Ansanm, nou pa ka tann pou nou kòmanse pwosesis gerizon an nan kominote a nan tout peyi a epi li kòmanse nan bay antreprenè aspiran nan eta sa a edikasyon, resous ak fòmasyon pou pwospere nan sektè kanabis la. Nou espere ke apwòch inivèsèl New York la kapab repwodui nan lòt mache yo epi ede akselere kwasans biznis ki pa reprezante ase yo atravè peyi a."

**Suzanne Shank, PDG Siebert Williams Shank & Co, te deklare,** "Pandan sektè biznis kanabis ki reglemante pou itilizasyon adilt la ap grandi, bon apwòch la ta dwe gen ladan elimine baryè pou patisipasyon ekitab nan endistri sa a ki gen plizyè milya dola. Fon Envestisman nan Kanabis pou Ekite Sosyal la, te etabli kòm yon zouti kle pou ede nivle tèren jwvt la pandan pwosesis lisans ak anplasman dispansè ki bann kanabis an detay Eta New York la atravè eta a. Konsepsyon regilatwa sa a pral ede antreprenè ki defavorize yo fè konpetisyon san patipri."

Fon an se yon eleman kle nan Inisyativ Opòtinite Semansman (Seeding Opportunity Initiative) pou kreye opòtinite biznis pou moun ki te enplike nan sistèm jistis la pou enfraksyon ki gen rapò ak kanabis. Pwogram nan abòde baryè ki te anpeche pwogrè siyifikativman pou moun sa yo nan lòt eta yo, patikilyèman aksede ak kapital ki nesèsè pou jwenn, lwe, konstwi ak ekipe byen imobilye apwopriye pou lokal dispansè ki vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt kondisyonèl.

Yon dezyèm rekonpans pou sèvis konsepsyon ak konstriksyon pou renovasyon espas ki egziste deja pou enstalasyon dispansè ki vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt ke yo prevwa anonse an jiyè.

***Konsèy Konsiltatif Kanabis New York la***

Jan sa endike nan Lwa sou Règleman ak Taksasyon Marigwana (Marijuana Regulation & Taxation Ac), Lwa New York la sou Kanabis ki te adopte an 2021, Konsèy Konsiltatif Kanabis la pral ede kreye plan ekite sosyal ak ekonomik la epi li pral sipòte Konsèy Kontwòl Kanabis la nan devlopman règleman pou pwogram lan nan sans ki pi laj. Objektif prensipal Konsèy la, sepandan, se sipèviz debousman Fon Re-estiman Sibvansyon Kominotè Eta New York la, yon fon separe ki pral sipòte kominote yo ki afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonel pa entèdiksyon kanabis. Pwogram sa a ki konsantre lokalman pral gen ladan fòmasyon ak plasman travay, sèvis re-antregrasyon pou Nouyòkè ki enplike nan jistis, sèvis navigasyon sistèm, pwogram k ap sèvi jèn yo, sèvis alfabetizasyon finansye ak plis ankò. Yo pral itilize Fon an tou pou sipòte objektif ekite Eta a sou yon baz kontinyèl.

**Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare,** "Mwen kontan akeyi nouvo manm yo nan Konsèy Konsiltatif kanabis Eta New York la. Kòm Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis la, mwen pa ka tann pou m travay men nan men ak Nouyòkè sa yo pou asire ke New York gen endistri kanabis ki pi divèsifye e ki pi ekite nan nasyon an. Manm Konsèy Konsiltatif Kanabis sa yo gen eksperyans travay ak lavi inik ak valab ki pral asire tout Nouyòkè yo gen yon vwa nan fason mache kanabis New York la reglemante, ak fason yo pataje revni taks yo ak òganizasyon san bi likratif kominotè yo."

**Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, te deklare,** "Santral nan avansman legalizasyon an se te yon prensip klè sou sa Eta a ta dwe fè ak revni ki te pwodwi pa lavant pou itilizasyon adilt yo. Mwen wè kreyasyon Fon an kòm youn nan pati ki pi enpòtan nan Lwa Kanabis Eta a epi mwen pa ta ka pi kontan genyen kò sa a an plas pou sipòte misyon nou an. Mwen kontan tou wè nouvo manm konsèy sa a ki reprezante divèsite jewografik ak kiltirèl New York, e mwen pa ka tann pou m travay avèk yo pou m asire ke tout Nouyòkè yo benefisye de legalizasyon kanabis la."

Anplis de nouvo manm yo nan Konsèy Konsiltatif Kanabis gen reprezantan ki pa gen dwa vòt ki soti nan divès ajans eta yo. Nan lis sa a gen reprezantan Konsèyasyon Anviwonmantal la, Agrikilti & Mache, Sèvis Timoun & Fanmi, Travay, Sante, Biwo Renouvèlman Lojman ak Kominote, Sèvis & Sipò pou Adiksyon, ak Edikasyon.

Dapre Lwa sou Kanabis la, lajan yo ranmase atravè taks sou pwodwi kanabis ak nan frè lisans yo dwe retounen nan kominote yo atravè New York:

- 40% nan fon sa yo prale nan Fon Re-estiman Sibvansyon Kominotè Eta New York, ki pral debouse pa Konsèy Konsiltatif Kamabis la.
- 40% prale dirèkteman nan distri lekòl yo nan minisipalite ki pa te refize yo vann kanabis; epi
- 20% pral sible pou pwogram tretman dwòg

**List manm Konsèy Konsiltatif Kanabis New York yo:**

- Alejandro Alvarez, Direktè Egzekitif Jeneral/Ko-Fondatè Soulful Synergy
- Joe Belluck, Patnè nan Belluck & Fox, LLC
- Doktè Junella Chin, MD, Doktè Medikal Entegratif nan Kanabis
- Allan Clear, MD, Direktè nan Office of Drug User Health nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York
- Dr. Chinazo Cunningham, MD, Komisè Biwo Eta New York pou Sèvis & Sipò pou Adiksyon an
- Ibrahim Jamil Darden, ki soti Ebro In the Morning
- Kathleen DeCataldo, Komisè Adjwen nan Biwo Sèvis Ankadreman pou Elèv nan Depatman Edikasyon Eta New York
- TheArthur A. Duncan II, Esq., Konseye ak Avoka nan Kabinè Avoka TheArthur A. Duncan
- Alan Gandelman, Prezidan Asosiyasyon Kiltivatè & Transfòmateur Kanabis (Cannabis Growers & Processors Association) nan New York
- Dareth Gance, Komisè Adjwen Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York
- Ruth Hassell-Thompson, Konseye Espesyal pou Règleman ak Zafè Kominotè, nan Biwo Renouvèlman Kay & Kominote Eta New York
- Gary Johnson, Prezidan Devlopman Ekonomik NAACP Eta New York
- Nikki Kateman, Direktè Politik ak Kominikasyon nan Local 338 RWDSU/UFCW
- Suzanne Miles-Gustave, Esq., Komisè Egzekitif Adjwen nan Biwo Sèvis Timoun & Fanmi
- Russell Oliver, Doktè Depatman Sante Emily Lutterloh, Direktè Divizyon Travay & Solisyon Mendèv nan Depatman Travay Eta New York
- Sarah Ravenhall, Direktè Egzekitif nan New York State Association of County Health Officials
- Chandra Redfern, Direktè Egzekitif Jeneral nan Buffalo Federation of Neighborhood Centers, Inc. (Sant Federasyon Katye Buffalo yo)
- Armando Rosado, Anketè Prive nan AR Investigations, Inc.
- Peter Schafer, Pwopriyetè Nanticoke Gardens
- Scott Wyner, Esq., Konseye Jeneral nan Depatman Agrikilti & Mache (Department of Agriculture & Markets) Eta New York

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)